# Интеллектуал мүлк – мәмлекет қорғаўында

Image not found or type unknown

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 28-январь күнги “Интеллектуал мүлк объектлерин қорғаȳ системасын жетилистириȳ ис-иләжлары ҳаққында”ғы Қарарына тийкар Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги жанындағы Интеллектуал мүлк агентлигиниң Қарақалпақстан Республикасы, ȳәлаятлар ҳәм Ташкент қаласында “Интеллектуал мүлкти қорғаў орайлары” шөлкемлестирилди солар қатарында Қарақалпақстан Республикасы “Интеллектуал мүлкти қорғаў орайы” ашылғанлығы мунәсебети менен “Интеллектуал мүлк – мәмлекет қорғаўында” атасмасында ушрасыў өткерилди. Ушырасыȳда бирге ислесиȳши мәмлекетлик органлар ȳәкиллери, өним ислеп шығыȳшы ири исбилерменлер, өнерментлер, жазыȳшылар, қосықшылар ҳәмде композиторлар қатнасты. Өткерилген ушырасыȳда тийкарынан орайдың ашылыȳ мақсети, ȳазыйпалары, функциялары ҳәмде көрсететуғын хызметлери ҳаққында ушырасыȳ қатнасыȳшыларына кеңнен түсиниклер берилди. Атап айтқанда орайдың ашылыȳынан тийкарғы мақсет Интеллектуал мүлк ҳуқуқы ийелериниң нызамлы мәплерин қорғаȳ, сондай-ақ, исбилерменлердиң өзлериниң миллий брендлерин жаратыȳда ҳәмде базарларда өз орынларын табыȳда жақыннан жәрдемлесиȳ.

Орайлардың тийкарғы ȳазыйпалары төмендегилерден ибәрат:

контрафакт өнимлерин ислеп шығарыȳ ҳәм олардың айланысына, сондай-ақ, интеллектуал мүлк ҳуқуқларының бузылыȳына қарсы системалы ҳәм нәтийжели қарсы-гүресиȳде қатнасыȳ, тийкарынан, ескертиȳ ҳәм усыныснама киритиȳ, ҳәкимшилик баяннамалар дүзиȳ;

орынларда интеллектуал мүлк объектлерин мәмлекетлик дизимнен өткериȳ менен байланыслы тараȳға көмеклесиȳ;

интеллектуал мүлк тараȳында ҳуқуқты қоллаȳ әмелиятын бирдей ислеȳин тәмийинлеȳ бойынша ис-иләжларды әмелге асырыȳ;

жәмийетте интеллектуал мүлкке болған ҳуқуқый мәдениятты асырыў ҳәм ҳүрмет сезимин қәлиплестириў мақсетинде интеллектуал мүлк ҳуқуқлары бойынша қабылланып атырған нызамлар ҳәмде норматив-ҳуқуқый ҳүжжетлердиң мазмун мәнисин ҳәм әхмийетин кең жәмийетшиликке жеткизиў болып есапланады.

Жоқарыдағыларға тийкар исбилерменлер, мәдений тараўы ўәкиллери ҳәмде пуқараларымыздың интеллектуал мүлкке болған ҳуқуқлары бузылған жағдайларда орайымызға мүрәжат етиўин сораймыз.

Мәнзилимиз Нөкис қаласы, Төрткүл гүзары 59-жай. Бағдар Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлиги имәраты. Байланыс ушын телефонлар. (97) 355-86-50, (97) 787-75-75.

Қарақалпақстан Республикасы “Интеллектуал мүлкти қорғаў орайы”